

# BIWO CT POU TIMOUN PITI BILTEN KABINÈ PARAN



## BYENVINI NAN PREMÈ NIMEWO BILTEN KABINÈ PARAN AN!

Kabinè Paran Biwo pou Timoun Piti (OEC) se yon gwoup konsiltatif divès, ki dirije pa paran, ki gen 15 manm pou OEC pou ede amelyore lavi timoun ak fanmi atravè eta a. Manm Kabinè Paran yo ap pran yon wòl aktif ak piblik nan sipòte objektif ajans lan pou ogmante vwa paran yo ak fanmi yo sou tab lokal ak eta a.

Nan nivo nasyonal, yo rele Connecticut pou prezante ak pataje travay nou ak lòt eta yo. Pou plis enfòmasyon sou enpak Kabinè Paran OEC la, tanpri vizite

[ctoec.org/parent-cabinet](https://ctoec.org/parent-cabinet).

## REZIME PWEN ESANSYÈL SOU MANM KI TE FONDE KABINÈ PARAN

Pandan premye de lane edmi egzistans li yo, Kabinè Paran an te bay konsèy sou yon varyete pwojè enpòtan tankou sondaj OEC pou paran, yon memo sou chanjman laj kindègadenn bay fanmi yo, ak Blue Ribbon Panel on Child Care (Panèl Riban Ble sou Swen Timoun) Gouvènè a. Manm Kabinè Paran te fè prezantasyon nan plizyè konferans, ki gen ladann Konferans National Association of the Education of Young Children (NAEYC) ak Konferans CT Office of Special Education (OSEP, Biwo Edikasyon Espesyal). Ou ka jwenn plis sou reyalyasyon ane anvan yo sou sit entènèt Manm Kabinè [PaParan - Biwo CT pou Timoun Piti](#).

## PAWÒL NAN INOGIRASYON KABINÈ PARAN

"Mwen te travay men nan men ak lòt paran lidè devwe ki te gen menm mantalite ak mwen. Yo te vle fè yon chanjman."

- Ruth-Ann

"Yo te vrèman tande vwa nou yo. E sa te fè li pi fasil anpil lè w ap pale ak fanmi yo. Ou te ka vrèman pale apati de yon kote ki gen verite."

- Krysta

"Mwen santi ke nou te kapab grandi pandan n ap reflechi sou kisa Kabinè a ta dwe ye. Epi nou te gen opòtinite pou soti al rankontre kominote a epi pale an piblik epi ale nan fòmasyon..."

- Casey



## SELEBRASYON MANM KI TE FONDE KABINÈ PARAN

Oratè OEC yo te gen ladann Onorab Susan Bysiewicz, Gouvènè Adjwen nan Connecticut; Elaine Zimmerman, Administratè Rejyon 1 ACF; Manm Konsepsyon Kabinè Paran; Manm Kabinè Paran; Komisyone Bye; ak Komisyone Adjwen an Elena Trueworthy ki te pataje mo apresyasyon pou rekonèt tan, devouman ak travay paran lidè yo te akonpli pandan dezan edmi ki sot pase yo. Gouvènè Ned Lamont te pibliye pwoklamasyon siyen pou remèsye ak rekonèt manm yo pou tout efò yo. Tout manm yo te resevwa tou yon sètifika pou tan yo te bay la ak sèvis yo.

OEC a etènèlman rekonesan pou sèvis ak devouman premye gwoup sa a te bay pou amelyore politik ak pwogram ki baze sou opinyon paran yo, ogmante vwa lokal yo bay eta a, epi pataje sèvis OEC yo bay fanmi yo ak kominote yo. Nou ap tann ak enpasyans pwochen faz patenarya a nan kad yon wout lidèchip ansyen manm!



Yon remèsiman espesyal pou oratè nou yo nan evènman an! MANM KABINÈ PARAN: Casey Russo, Ruth-Ann Bucknor, Symone Maguire, ak Caitlin McNamara. Manm Komite Konsepsyon: Caroline Austin ak Stephan Palmer. Mèsi ak lòt manm Konsepsyon nou yo nan foto a: Janine McMahon, Mary McAllister, Malissa Griffith, ak Joyce Bosco.

## NOUVO NOUVEL!

Nou kontan akeyi nouvo kowòt manm Kabinè Paran nou an! Aplikasyon yo te louvri soti 6 Fevriye rive 21 Mas 2024. Nou te resevwa yon total 148 aplikasyon pou ranpli 15 wòl nan tout eta a. Komite seleksyon yo te gen ladann 28 moun ki te reprezante estaf OEC, manm aktyèl Kabinè Paran, ak manm kominote a ki te ede rive nan 15 manm final yo apre yon pwosesis solid.

Yo te konfime dènye Kabinè Paran an nan mwa Jen 2024. Moun ki pat seleksyone nan moman sa a te jwenn lòt opòtinite pou angajman fanmi ak lidèchip. Manm yo la pou yon manda dezan edmi. Mwatye nan nouvo manm nou yo te antre nan mwa Jiyè 2024, men ofisyèlman te kòmanse nan mwa Septanm 2024, pandan lòt mwatye a ap kòmanse nan mwa Janvyè 2025. Pou ede nouvo manm yo santi yo sipòte, konprann wòl yo, epi reponn nenpòt kesyon, ansyen manm ki fenk soti nan Kabinè Paran ak manm ki rete yo ap konseye nouvo manm yo.

Te gen yon entegrasyon pou manm Kabinè Paran Stamford nou an 13 Septanm. Premye Retrè Entegrasyon Kabinè Paran te fèt 14 Septanm 2024. Konsespyon sa a te fèt ak kèk manm aktyèl pou ede entegre nouvo manm yo epi jwenn opòtinite pou bati relasyon ant lidè paran yo ak estaf OEC. Komisyonè Bye, Adjwen Komisyonè, Nicole Cossette (Kowòdonatè Pati C), Karen Pascale (Direktè Biwo Kolaborasyon Head Start), Malissa Griffith (Manadjè Pwogram – Inisyativ Sansibilizasyon Paran), Chenae Russell (Kowòdonatè Kabinè Paran nan tout Eta a) ak Dhvani Pandya (Manadjè Enfòmasyon) te rejwenn nou.



## ENPAK KABINÈ PARAN (JANVYE POU RIVE OUT 2024)



**469**

**ÈDTAN PASE  
NAN AKTIVITE**

Egz. Bay fidbak, prezante/pale, rasanble done ak bati relasyon.



**93**

**ÈDTAN NAN  
SANSIBILIZASYON LOKAL**

Ki gen ladann reyinyon ak Paran Anbasadè yo, gwoup kominotè yo, ak tab nan evènman yo.



**SIJÈ  
KI PI DISKITE**

Swen timoun, vwa kominotè, anplwaye ECE (Swen ak Edikasyon Timoun Piti), sante, K-12 ak timoun piti, sipò paran, bezwen espesyal

## AKONPLISMAN 2024

- ✓ Te ede bay fidbak sou yon memo konjwen konsèy pou chanje laj kindègadenn pou fanmi yo.
- ✓ Nouri moun ki ap nourir an: Seri seminè anliy sou Inisyativ Konpòtman Sante. Kèk manm Kabinè Paran te sou yon panèl sou swen pèsònèl paran yo.
- ✓ Yon Rapò Evalyasyon te fèt sou Kabinè Paran an epi yon Modèl Lojik te devlope ansanm ak manm yo.
- ✓ Manm Kabinè Paran yo te planifye ansanm epi ede ak Akademi Paran 2Gen nan dat 8 Jen 2024.
- ✓ Manm yo te aprann enfòmasyon sou Child Care Development Fund Plan (Plan pou Fon Devlopman Swen Timoun) e yo te bay kòmantè.
- ✓ Manm yo te ede fasilite sesyon koute Care 4 Kids (Laswenyay pou Timoun) an Anglè ak Espanyòl.
- ✓ Joshua te pataje eksperyans pozitif li nan Konferans pou Papa nan New England, li mete aksan sou enpòtans enklizif ak ekite nan patènite.

- ✓ Konferans sou patenarya ant fanmi yo ak enfimye yo. Ruth-Ann te pataje randevou li kòm yon Anbasadè Paran pou National Service Office, kote li te diskite sou enpòtans vwa paran yo nan pwogram vizit lakay yo.
- ✓ Manm Kabinè Paran yo te asiste, te ede planifye epi yo te fè pati yon panèl nan CT Parent Leadership Summit (Somè Lidèchip Paran CT).
- ✓ Prezante nan Smart Start Conference (Konferans Smart Start) nan Greensboro, NC; Child Care Aware Symposium (Senpozyòm Konsyantizasyon Swen Timoun) nan Arlington, VA; ak Office of Special Education Program Conference (Konferans Biwo Pwogram Edikasyon Espesyal) nan Arlington, VA.
- ✓ Bay opinyon sou Patnè Gouvènman Lokal Early Start CT (Kòmanse Bonè CT) yo ak vwa paran/kominote nan estrikti a.
- ✓ Manm Kabinè Paran Josh ak Cris te asiste evènman pou laprès Gouvènè a ki te anonse chanjman pou ede ogmante aksè, abòdabilite, ak diminye pil benefis yo atravè espas adisyonèl pou swen bonè ak edikasyon leta finanse ak pwogram Care 4 Kids ki tabli 1500 nouvo espas Care 4 Kids, limite frè fanmi an nan 7% epi fanmi yo ki kapab rete sou Care 4 Kids jiskaske revni kay la rive nan 85% revni mwayen eta a.
- ✓ Manm yo te asiste yon evènman OEC ak Gouvènè Ned Lamont ki te reyini lidè gouvènans ak konsiltatif eta yo, moun k ap fè politik yo ak ekspè nan timoun piti nan Bilding Lejislatif Eta Kapitòl la pou evènman "Fòmè Demen Connecticut la: Yon konvèsasyon ak Dirijan Timoun Piti yo.



## DEKLARASYON MISION

BATI KONEKSYON SOLID, KOUTE ENTANSYONÈLMAN, EPI FÈ PATENARYA AK FANMI TIMOUN PITI YO NAN CONNECTICUT, KOMINOTE YO, EPI OEC POU ENTEGRE EKSPÈTIZ TOUT PARAN YO ATRAVÈ SISTÈM TIMOUN PITI AN POU ASIRE POLITIK AK PWOGRAM EKITAB KI SANTRE SOU FANMI YO.



## ANSYEN KABINÈ PARAN OEC

Bianca Shinn, Stamford (Rejyon 1)  
Ruth-Ann Bucknor, Uncasville (Rejyon 3)  
Krysta Chambers, West Hartford (Rejyon 4)  
Christina Aguilera, Torrington (Rejyon 5)  
Casey Russo, Meriden (Rejyon 6)

## MANM KABINÈ PARAN AKTYÈL OEC YO

Kaitlyn Heffernan, Stratford (Rejyon 1) (Ansyen manm 2025)  
Regan Allan, Stamford (Rejyon 1)  
Symone Maguire, Hamden (Rejyon 2) (Ansyen manm 2025)  
Raquel Sanchez-Ramirez, New Haven (Rejyon 2)  
Marinda Monfilston, Cromwell (Rejyon 3) (Ansyen manm 2025)  
Tiffanie Allain, Brooklyn (Rejyon 3)  
Jessica Stark, Middletown (Rejyon 3)  
Caitlin McNamara, Manchester (Rejyon 4) (Ansyen manm 2025)  
Tricia Hamlin, West Hartford (Rejyon 4)  
Cris Jimenez, Tolland (Rejyon 4, At-Large)  
Maria Del Pilar Vargas, Danbury (Rejyon 5) (Ansyen manm 2025)  
Joshua Vaughn, Naugatuck (Rejyon 5) (Ansyen manm 2025)  
Amber Alessandro, Danbury (Rejyon 5)  
Ivoni Montes, Wethersfield (Rejyon 6) (Ansyen manm 2025)  
Jennifer St. John, Bristol (Rejyon 6)

## MANM KABINÈ PARAN OEC YO KI AP ANTRE JANVYE 2025

Jenny Canepa, Stamford (Rejyon 1)  
Shannon Knox, New Haven (Rejyon 2)  
Christina Pace, Colchester (Rejyon 3)  
Kelly Sorrow, Vernon (Rejyon 4)  
Kelly Collier, Newtown (Rejyon 5)  
Mallory Paige, Danbury (Rejyon 5)  
Stephanie Thompson, Cheshire (Rejyon 6)



*Mèsi!*

Kabinè Paran an ta renmen remèsye ofisyèlman tout sipòtè li yo ki ede fè tande vwa paran yo. Aprann plis sou Kabinè Paran an nan:

[ctoec.org/parent-cabinet](http://ctoec.org/parent-cabinet)